

Preparasyon pou Dezas pou Timoun ki gen Andikap: Bezwen nan Ekipman Medikal Dirab

Si ou se yon defansè, yon moun k ap bay swen oswa yon fanmi yon timoun ki gen yon andikap, li enpòtan pou w konnen kijan ak kikote pou w jwenn ekipman medikal dirab (durable medical equipment, DME) avan yon dezas oswa yon ijans sante piblik rive. DME se nenpòt ekipman medikal ki bay avantaj terapetik pou moun ki gen sèten chòk oswa maladi. Nou te kreye depliyàn sa a pou ede efò Etazini pou jere dezas ak pou jwenn resous pou ede ajans gouvènmantral, ajans nongouvènmantral ak òganizasyon prive, ak kominote yo prepare, reponn, ak retabli apre dezas ak ijans sante piblik. Epitou, li ka ede tou moun k ap pran swen yon timoun ki gen yon andikap pran desizyon ki pi byen enfòmè sou sante ak sekirite timoun nan, epi sipòte aplikasyon pou kolaborasyon ak sektè piblik ak prive nan kominote yo pandan yon dezas.



Yon dezas oswa ijans sante piblik kapab afekte kapasite yon kominote pou bay resous pou timoun yo. Kominote yo ta dwe pare pou abòde pwoblèm sa a anvan yon dezas rive avèk èd nan biwo jesyon ijans lokal oswa òganizasyon prive yo. Si yon dezas rive, lè ou konnen kijan ak kikote pou jwenn resous pou timoun ki gen andikap, sa ka sove lavi moun. Timoun yo pi vilnerab a katastwòf pase granmoun epi yo bezwen diferan dòz medikaman ak ekipman diferan tay, ki gen ladan zegwi, tib pou mask oksijèn ak respirasyon mekanik, chèz woulant ak wòkè. Plan alokasyon resous yo ta dwe asire ekipman yo bon pou tay timoun yo, antibyotik, antidòt ak vaksen yo disponib epi yo ka bay yo nan plas kote timoun abitye rasanble, tankou nan pwogram apre lekòl, gadri, ak sèvis gadri.

Enfòmasyon Ou Dwe Konnen Anvan yon Dezas

Si ou se yon defansè, yon moun k ap bay swen oswa yon fanmi timoun ki gen yon andikap, ou ta dwe konnen:

- Lè ak kote yo ranplase DME, pwotèz, ak atik ki pèdi, domaje, detui, oswa pa ka itilize. Dokimantasyon, tankou sètifika yon doktè oswa lèt nesosite medikal, oswa yon reyinyon avèk yon doktè jeneralman oblije ranplase DME. Sepandan, kèk vandè ak founisè, ki gen ladan Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS), ka anile kondisyon sa yo pandan yon dezast oswa ijans sante piblik. Lè ou konnen tay, mak ak modèl la, oswa ou gen dokiman pou DME ou vle ranplase a ka ede avèk reklamasyon an atravè Medicaid ak otorite Pwogram Asirans Sante pou Timoun yo.
- Kijan pou w konekte ak debranche yon moun sou yon machin dyaliz oswa ekipman ki sanblab si ou menm oswa yon manm fanmi ou sèvi ak youn. Sa ap ede diminye risk pou ou oswa yo fanmi ou fè enfeksyon oswa aksidan, epi asire tout moun kapab evakye byen vit epi san danje pandan yon katastwòf. Tcheke si sant dyaliz ou a ofri fòmasyon sa a.
- Non ak enfòmasyon pou kontakte doktè ki ba ou preskripsyon an ak famasi kote ou konn ale a.





Sa Fanmi yo Ka Fè

- Anrejistre enfòmasyon pou kontakte pwofesyonèl swen sante ou, ansanm ak lyen nan sitwèb founisè DME ajans gouvènmantal, nongouvènmantal ak prive sou telefòn ou.
- Aktive ID Medikal sou iPhone ou. ID Medikal se yon sèvis ki entegre nan aplikasyon iOS Health ki pèmèt sekouris/ ekip premye swen yo wè enfòmasyon medikal ou, tankou alèji, medikaman ou pran, estati donatè ògàn, kalite san ak kontak ijans, san yo pa bezwen devewouye telefòn ou. Si ou gen yon telefòn Android, gen aplikasyon konsa ou ka telechaje epi itilize.
- Voye dosye ijans yon kote ou ka toujou jwenn aksè ladann sizoka ou te pèdi telefòn ou oswa li domaje, tankou "cloud" telefòn ou ou swa imèl pèsònèl ou.
- Enskri pou resevwa enfòmasyon oswa alèt sou evènman ijans nan kominote w la.
- Revize opsyon transpò ou yo epi pataje yo ak fanmi ou an ka ou bezwen evakye zòn nan pandan yon dezast.
- Li sou ekipman ki kenbe malad an vi. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb Depatman Sèvis Sosyal ak Sante Eta Washington nan](#).

Remak Enpòtan: CMS pa gen ekipman disponib pou akizisyon. Ajans Medicaid Eta yo ka gen kontra avèk founisè DME ak lopital ki ka gen ekipman sa a.

Lòt Resous

- **CMS:** [Twous Repons pou Dezas](#)
- **CMS:** [Pwoteksyon Ekipman Medikal Dirab](#)
- **CMS:** [Anyè Founisè](#)
- **Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security, DHS):** [Dwa Sivil Pandan Ijans ak Dezas](#)
- **DHS:** [Alèt Ijans](#)
- **DHS:** [Enfòmasyon sou Jesyon Ijans lokal yo](#)
- **Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA):** [Planifikasyon Kominotè ak Devlopman Kapasite](#)
- **FEMA:** [Prepare pou Dezas pou Moun ki Gen Andikap ak Lòt Bezwen Espesyal](#)



Enfòmasyon ki nan dokiman sa a te kreye avèk konsèy Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo nan kad Inisyativ Lidèchip Preparasyon Nasyonal (National Preparedness Leadership Initiative, NPLI) Harvard. NPLI a se yon pwogram potekole ant Fakilte Sante Piblik Harvard T. H. Chan ak Sant pou Lidèchip Piblik nan Harvard Kennedy School of public Health. Imaj nan paj 1 an soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi.